



Pou Piblikasyon Imedya: 09/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**APRE 50 TAN RETA, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO SÒTI 3 POU AMELYORE AKSESIBILITE NAN AYEWOPÒ ENTÈNASYONAL ALBANY AN**

***Sòti 3 pral Resi Vin yon Reyalite avèk Nouvo Konektè Ayewopò Northway-Albany a - yo Prewa k ap Ouvri nan Fen Ane 2019 la, Ennan Avan Dat Ouvèti Orijinal la ke yo te Prewa k ap 2020***

***Konstriksyon Nouvo Pak Estasyonman Ayewopò a Ankou; Pwojè a pral Reyabilite Tèminal la tou, avèk Eskaladè, Sal Datant, ak Espas pou Restoran y ap Amelyore yo***

***Reprezantasyon Grafik Sòti 3 yo Disponib [La](#), Reprezantasyon Grafik Tèminal yo Amenaje a yo Disponib [La](#), Nouvo Videyo a Disponib [La](#)***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse plan yo genyen pou nouvo Sòti 3 ki pral ofri plis aksè dirèk nan Ayewopò Entènasyonal Albany an (Albany International Airport) epi soulaje blokis olon Northway a, alafwa nan direksyon vè lenò ansanm ak vè lesid. Nouvo sòti a, ke yo t ap pale de li depi 50 tan pase san yo pa t janm reyalize l, ap yon aspè kle nan kad modènizasyon 104.6 milyon dola y ap fè nan ayewopò a ki gen ladan konstriksyon yon nouvo pak estasyonman ak amenajman nan tèminal ayewopò a.

"Pandan 50 tan moun t ap pale epi etidye fason pou yo konstwi aksè dirèk pou al nan Ayewopò Albany an, men yo pa t janm materyalize l", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kounye a nou ap aktyèlman fè l epi nouvo Sòti 3 pral redui blokis, akselere aksè a ayewopò a, amelyore anviwònman an epi demontre yon lòt fwa ankò ke lè w mete investisman ansanm ak aksyon ak konpetans - w ap jwenn dinamit epi l ap kreye yon gwo eksplozyon ekonomik menm jan ak sa nou wè k ap fèt nan Rejyon Kapital la ak toupatou atravè Rejyon Nò a."

"Adisyon ak amelyorasyon y ap fè nan Ayewopò Entènasyonal Albany an pral redui blokis epi amelyore eksperyans vwayaj la an jeneral", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nouvo Sòti 3 pral ofri aksè dirèk pou al nan ayewopò a epi l ap fè pati plan modènizasyon yo ki gen ladan tou yon nouvo pak estasyonman ak amenajman y ap fè nan tèminal la. Pwojè sa a pral ogmante touris nan zòn lan, sa k ap atire plis vizitè ak biznis, epi plis ranfòse ekonomi Rejyon Kapital la."

Depi avan finisman Adirondack Northway a plis pase 50 tan pase, yo te fè plizyè diskisyon ak plan pou yo te ajoute yon Sòti 3 nan Northway. Nan konfigirasyon aktyèl la, Northway ap soti nan Sòti 2 rive nan Sòti 4, alafwa nan direksyon vè lenò ak vè lesid. Nouvo sòti a pral fè pati pwojè Konektè Ayewopò Northway-Albany an (Northway-Albany Airport Connector).

Anons Sòti 3 vini ansanm avèk mizajou sou de pwojè eta ap patwone ki pral transfòme ayewopò a epi konstwi yon nouvo konektè otowout ki konekte avèk li soti nan Adirondack Northway (I-87) nan Colonie, Konte Albany. An Out ki sot pase a, Gouvènè a te akòde finansman 22.1 milyon dola pou fè modènizasyon nan ayewopò a epi li te anonse 50 milyon dola tou pou konstwi yon Konektè a Ayewopò Albany an olon Northway a, ki pral soulaje blokis sikilasyon epi ofri tou premye lyen dirèk a ayewopò a. Lyen dirèk sa a ki konekte ak Ayewopò a pral nouvo Sòti 3 kounye a.

De pwojè yo te pwogrese byen rapid depi lè yo te kòmanse yo an otòn ki sot pase a, avèk pwojè Konektè Ayewopò Albany an k ap pwogrese avan delè kote yo prevwa l ap ouvri nan fen ane 2019 la, ennan avan dat sib orijinal yo te prevwa k ap 2020 an. Pwojè konektè ayewopò ak otowout yo ap ede kreye plis pase 1,300 djòb nan sektè konstriksyon ak domèn ki gen rapò yo.

Finansman 22.1 milyon dola Eta mete disponib pou ayewopò a ap fè pati yon pwojè 54.6 milyon dola pou modènize etablisman an, epi y ap ofri finansman an atravè 200 milyon dola Konpetisyon Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nòa (Upstate Airport Economic Development and Revitalization Competition), ke Gouvènè Cuomo te anonse pou premye fwa nan Diskou Eta Leta 2016 li a epi apres a yo te adopte l nan Bidjè Eta 2017 la. Otorite Ayewopò Konte Albany an (Albany County Airport Authority) ak gouvènman Federal la ap bay lòt finansman pou pwojè modènizasyon an.

Y ap finanse pwojè konektè ayewopò a k ap koute 50 milyon dola gras a Plan Renouvèlman Enfrastrikti (Infrastructure Renewal Plan) 100 milya dola Gouvènè Cuomo a.

### **Konektè Ayewopò Albany nan Sòti 3**

Pwojè Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation, NYSDOT) ap konplèman efò modènizasyon an, ki pral konstwi yon Konektè Ayewopò Albany nan Sòti 3 nan Adirondack Northway a (Interstate 87) ki nan Vil Colonie, Konte Albany. Pwojè 50 milyon dola a pral ofri aksè dirèk a Ayewopò Entènasyonal Albany an soti Northway epi sipòte devlopman ekonomik rejyonal.

NYSDOT te akselere pwojè a, ke yo te pwograme inisyalman pou kòmanse nan prentan ane sa a. Olye de sa, travay preliminè yo deja ankou depi otòn ki sot pase a epi pwojè a te pwogrese byen rapid, kote yo te travay pandan tout mwa sezon ivè yo.

Konstriksyon yon ranp 'pasrèl' sou Northway a soti lès al lwès deja byen ankou. Anmenm tan, y ap kontinye konstriksyon tè-plen yo ki pral ede sipòte twa nouvo ranp pou nouvo Sòti 3 alwès I-87 nan direksyon vè lesid ak yon nouvo liy sikilasyon oksilyè ant Sòti 4 ak 5 osid I-87 la.

Pou sikilasyon Northway nan direksyon nò, nouvo ranp lan pral pase sou Northway a nan yon konfigirasyon 'pasrèl', boukle pa dèyè ak alwès Otèl Desmond lan epi rive nan yon nouvèl Kafou an fòm T ak Albany-Shaker Road, tou pre ayewopò a. Pou sikilasyon nan direksyon sid sou Northway a, yo pral konstwi yon nouvo ranp sòti pou vwayaje

dèyè Otèl Desmond an epi konekte ak yon ranp pasrèl ki pral mennen nan nouvo kafou T a, sa k ap evite blokis ki gen sou Old Wolf Road.

Mwa ki sot pase a, kontraktè a te poze asye sou tèt nouvo kolòn nan tè-plen santral la pou konekte ak kontrefò sou chak bò Northway a, sa k ap fòme fondasyon pou ranp 'pasrèl' la alavni. Pwosesis sa a te pran apeprè yon semèn epi li fini kounye a.

Sòti 4 ki egziste aktyèlman nan direksyon vè lenò a pap chanje. Sou bò nan direksyon vè lesid la, yon nouvo Sòti 4 pral ofri yon pi bon aksè lokal a Old Wolf Road.

Toupre otowout la, y ap agrandi Albany Shaker Road ant Wolf Road ak Meeting House Road epi y ap enstale nouvo drenaj ak bòdi. National Grid ap deplase kab elektrik ak liy gaz yo gen sou wout la yo tou.

Plan pwojè a yo mande tou pou gen yon nouvo ranp antre dirèk soti nan Route 155 (Watervliet-Shaker Road) nan Sòti 5 pou rive nan direksyon sid sou Northway a, sa ki ap elimine nesosite pou gen ranp fasad aktyèl soti nan bò direksyon sid sou otowout la. Konstriksyon tè-plen pou nouvo liy sikilasyon oksilyè a te kòmanse.

Nan bò direksyon vè lenò a, yo pral pwolonje ranp antre ki akote batiman Times Union lan rive jis nan Sòti 5 pou Route 155 lan, sa ki ap kreye yon wout oksilyè ki pi long ki pral rann li pi fasil pou chofè yo konvèje nan direksyon nò Northway a epi pou kite otowout lan nan Sòti 5 sa k ap bon avantaj pou sikilasyon lokal la. Yo planifye konstwi yon miray pou bwi nan bò direksyon nò a ant Sòti 4 ak Sòti 5.

Pou vwayajè ki prale nan direksyon ayewopò a soti nan direksyon nò Northway lan, pwojè a pral elimine nesosite pou vwayaje pase anba de (2) limyè sikilasyon adisyonèl. Pou vwayajè k ap pral nan direksyon sid sou Northway a, pwojè a pral elimine bezwen pou yo vwayaje pase anba yon (1) limyè sikilasyon adisyonèl. Yo prevwa to aksidan yo ak tan vwayaj yo pral diminye kòm konsekans.

Pwojè a pral ranfòse konektivite pou pyeton ak siklis yo lè yo mete twotwa sou bò sid Albany Shaker Road la ant wout konektè a ak Wolf Road, ansanm ak yon wout itilizasyon pataje ki ant Ayewopò Entènasyonal Albany ak wout konektè a.

Yo estime gen anviwon 40,000 veyikil a motè pa jou ki itilize Sòti 4 la nan Northway epi yo estime anviwon 102,000 veyikil a motè ki vwayaje sou Albany-Shaker Road nan lokalite sa chak jou.

An Oktòb 2015, Depatman Transpò a te konplete yon pwojè ki te koute 22.3 milyon dola pou ranplase pon yo ki pote Northway la pase sou Albany-Shaker Road. Sa se te premye nan de (2) faz travay yo te planifye nan Sòti 4 la. Pwojè 2015 lan te ranplase de (2) pon ke yo te konstwi nan kad konstriksyon Northway orijinal la an 1959.

Konstriksyon wout konektè ayewopò a pral libere tou gwo wout pasèl zòn komèsyal yo pou redevlopman komèsyal ak amelyorasyon sektè prive a ap fè. Investisman sa yo deja ap bay randman paske Piedmont Airlines te resaman anonse yo gen plan pou yo agrandi mendèv yo nan nouvo anga yo fenk renove sou pwopriyete ayewopò a.

## Modènize Ayewopò Entènasyonal Albany an

Yo te premye konstwi tèminal prensipal Ayewopò Entènasyonal Albany an an 1928 epi apres a yo te rekonstwi l an 1962. Li te sibi dènye renovasyon konsiderab li a an 1998. Anviwon 1.4 milyon moun pa ane pran avyon nan ayewopò a, ki gen yon aparans demode ak espas pakin ki limite. Rekonsepsyon ayewopò a gen ladan:

- Yon Nouvo Pak Estasyonman -- Pwojè a pral konstwi yon pak estasyonman ki gen plizyè nivo k ap gen 1,000 plas, sa k ap agrandi kapasite pakin nan ayewopò pa 20 pousan. Pakin an beton yo fabrike alavans lan pral ofri yon twotwa pou pyeton ki chofo pou ale nan tèminal ayewopò a. LED pral klere pak estasyonman an ak pon pyeton an epi y ap mete yo nan pozisyon pou yo amelyore sekirite veyikil ak pyeton yo. Konstriksyon pak estasyonman an ankou aktyèlman. Yo te kondui plis pase 275 pilotis pou sipòte nouvo estrikti a epi, yo te kòmanse vide baz beton nan sòl la tou.

Osid tèminal ayewopò a, y ap retire epi deplase sèvis piblik soutèren yo pou yo prepare pou nouvo pak estasyonman epitou y ap deplase Jetway Drive. Chanjman sa a pral pèmèt vwayajè yo soti nan pak estasyonman an epi jwenn aksè a Albany Shaker Road ak nouvo echanjè Sòti 4 Northway a san yo pa bezwen kondui pase devan tèminal ayewopò a. Sa gen ladan:

- Amelyorasyon Aksè Pakin yo - Pwojè a pral enstale nouvel siyalizasyon elektwonik LED, materyèl pou konte machin yo, ak materyèl kontwòl aksè ki entèaktif yo ki itilize teknoloji GPS ki avanse pou lokalize espas pakin ki disponib yo, epi bay mesaj oryantasyon yo ki ap dirije otomobilis yo pou ale nan espas sa yo.
- Amenajman nan Tèminal la ak Enstalasyon pou Pasaje yo - Pwojè a pral reyabilite tèminal la, ki gen ladan eskaladè yo, twalèt yo, sal datant yo ak espas restorasyon an. Amelyorasyon yo pral gen ladan nouvo kapèt, revètman mi yo, poze seramik ak terazo atè a, ekleraj ki itilize enèji efikas ak koneksyon entènèt amelyore. Yo pral enstale yon nouvo sistèm ranje pano solèy sou tèt Tèminal A a.

Yo deja akòde tout kontra konstriksyon pou nouvo tèminal la epi yo te kòmanse travay la avèk renovasyon twalèt yo ak nouvo sistèm ranje pano solèy la. Aktivite konstriksyon adisyonèl yo pral kòmanse pandan ete sa a.

Reprezantasyon grafik Sòti 3 disponib [la](#). epi reprezantasyon grafik tèminal yo amenaje a disponib [la](#).

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare,** "Investisman estratejik k ap fèt nan ayewopò ak enfrastrikti New York yo, ki gen ladan modènizasyon ayewopò Albany an, ap sipòte kwasans ekonomik rejyonal toupatou atravè eta a gras a amelyorasyon aksè a mwayen transpò vital yo".

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez te deklare,** "Gouvènè Cuomo ap trase chemen an, kote l ap fè investisman entèlijian nan transpò k ap amelyore sekirite ak mobilite pandan l ap sipòte ekonomi rejyonal yo. Pwojè sa yo ap deseri pwojè transfòmasyon k ap modènize ayewopò a pou vil kapital eta a epi rann li pi fasil pase jamè pou rantre sou otowout la, sa ki se yon sityasyon gayan-gayan pou nenpòt moun k ap vwayaje oswa k ap fè biznis nan rejyon florisant sa a".

**Reprezantan Paul Tonko te deklare,** "New York kontinye rete yon lidè nasyonal nan zafè reyalizasyon investisman nan enfrastruktir ki, melanje ak resous gouvènman federal la te bay resaman, pral amelyore kalite lavi nou, redui obstak ki anpeche kwasans ekonomik yo pi krewe oswa mentni bon jan djòb onivo lokal. Modènizasyon sa yo ap fè nan Ayewopò Entènasyonal Albany an pral jwe yon wòl enpòtan nan kad efò n ap fè pou n sipòte sektè touris la, ankouraje devlopman nouvo biznis ak biznis ki egziste deja yo epi rann lavi pi fasil pou moun k ap viv nan Rejyon Kapital nou an yo".

**Senatè Neil Breslin te deklare,** "Gran amelyorasyon k ap fèt nan Ayewopò Entènasyonal Albany an ansanm ak konstriksyon konektè Ayewopò Northway a vital nan kad alimantasyon ekonomi rejyon nò nou an. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak Depatman Transpò Eta New York la pou angajman yo pran anvè pwojè sa a, epi mwen paka tann pou l fini".

**Manm Asanble Phil Steck te deklare,** "Ayewopò Entènasyonal Albany an se yon pilye pou ekonomi rejyon nou an. Mwen vrèman kontan paske pwojè konektè a ap pwogrese pi rapid pase yo te prevwa pou soulaje blokis nan Colonie, ak pou tout rezidan Eta New York la yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ankò paske l rekonèt enpòtans pwojè sa a ak pou efikasite pwogrè pwojè a".

"Wè se kwè lè sa konsène pwogrè k ap fèt nan de pwojè sa yo ki pral transfòmasyon pou lavi kotidyen rezidan Konte Albany yo epi ki pral amelyore eksperyans pou kantite kwasan touris k ap vizite Rejyon Kapital la. Amelyorasyon pòsyon I-87 sa a te la pou l te fèt depi 50 tan, epi mwen vrèman kontan anpil paske nou resi ap wè l reyalize ak investisman k ap fèt nan enfrastruktir enpòtan nou yo gras a èd Gouvènè Cuomo",  
**Direktè Konte Albany an, Daniel P. McCoy te deklare.**

**Sipèvizè Minisipal Colonie an, Paula Mahan te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè M. Andrew pou lidèchip li nan finansman nouvo Konektè Ayewopò Albany an ak modènizasyon ayewopò a te byen bezwen yo. Ansanm, pwojè sa yo pral rann Ayewopò Entènasyonal Colonie an vin pi aksesib ak pi favorab pou moun k ap itilize l yo, kote y ap ofri yon pòtay modèn ak senplifye pou Vil Colonie an ak Distri Kapital la olaj. Anplis de sa, Vil la t ap defann konektè sa a depi byen lontan kòm yon fason pou ede soulaje blokis sikilasyon olon koridò Wolf Road la. Pwojè sa yo se yon viktwa pou Colonie ak yon viktwa pou Rejyon Kapital la".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Rejyon Kapital la (Capital Region Chamber) Mark Eagan te deklare,** "Konstriksyon Nouvo Konektè Ayewopò Albany an pral asire ke rezidan ak vizitè yo ka gen yon aksè rapid, dirèk pou ale nan Ayewopò Entènasyonal Albany an, pandan l ap amelyore blokis sikilasyon sou youn nan otowout prensipal rejyon an yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou angajman l pran anvè pwojè transfòmasyonèl sa a".

**Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Ayewopò Konte Albany an, John O'Donnell te deklare,** "Nou rekonesan anvè inisyativ Gouvènè Cuomo ap antreprann pou l modènize ayewopò New York yo, aganjman 22 milyon dola l pran anvè konstriksyon nouvo pak estasyonman k ap ka kenbe 1,000 machin nou an ak amelyorasyon l ap fè nan Ayewopò Entènasyonal Albany an. Amelyorasyon k ap fèt nan ayewopò a yo ansanm ak konstriksyon nouvo sòti Northway nan ayewopò a pral benefik pou moun k ap pran vòl yo ak pou tout Rejyon Kapital la nèt".

### **Konsènan Konpetisyon Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò a**

Konpetisyon Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò a k ap koute 200 milyon dola mande pou ayewopò Rejyon Nò yo imajine ayewopò a alavni an kòm nouvo pòtay prensipal pou rejyon an. Konpetisyon an ap ajoute sou reysisit Konpetisyon Konsepsyon Plan Direktè Gouvènè Cuomo genyen pou Ayewopò LaGuardia ak John F. Kennedy a, ansanm ak tout efò transfomatè k ap fèt aktyèlman nan plizyè ayewopò rejyonal nan rejyon sid eta a. Yo ap atribye finansman adisyonèl atravè Pwogram Sibvansyon Kapital Avyasyon (Aviation Capital Grant Program) Gouvènè a, sa k ap sipòte sekirite, enfastrikti, ak pwojè devlopman ekonomik yo nan ayewopò ki pi piti atravè eta a yo.

Depatman Transpò Eta New York la ap jere konpetisyon an. Nan kad Konpetisyon an, Eta te mande pou ayewopò yo soumèt plan ki:

- Estimile aktivite ekonomik rejyonal yo, kreye travay epi atire biznis;
- Ogmante kapasite ak aksè a avyon, pòt anbakman, espas rekiperasyon malèt ak pakin;
- Konstwi enstalasyon ak mezi sekirite modèn pou pasaje yo;
- Entwodwi konsèp konsepsyon novatè epi pwomouvwa patenarya piblik-prive ak kapasite pou yo reyalize li byen rapid; epi
- Enkòpore teknoloji bilding ekolojik dirab ak teknoloji enèji renouvlab yo.

Konpetisyon Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Gouvènè Cuomo a gen ladan tou prim sibvansyon pou Ayewopò Rejyonal Elmira Corning lan, Ayewopò Entènasyonal Rejyon Metwopolitèn Rochester a, Ayewopò Entènasyonal Plattsburgh la, Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock la, ak Ayewopò Rejyonal Ithaca Tompkins lan. Plan ak konsepsyon anbisyè ayewopò sa yo te devlope a yo pral ranfòse sekirite, amelyore operasyon ak aksè, redui enpak anviwònmantal yo, epi kreye pi bon eksperyans pou pasaje yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)